

PA GEN AVNI SAN FANM

JISTIS, LAPÈ, AK ELEKSYON AN AYITI



Angie Bell
Majistra Kap-Ayisyen



Tonni Ann Brodber
Sekretarya WPHF Nasyonzini an



Monique Clesca
Jounalis, Aktivis



Pascale Solages
Aktivis Feminis



Moderatè: MarieYolaine Toms, Direktè Egzekitif C2C a

Vin jwenn vwa dirijan nan mouvman dwa fanm ann Ayiti pou egzamine wòl endispansab fanm ak tifi yo nan fason Ayiti ap soti nan kriz aktyèl la ak nan lavni li. Entèvenan yo pral diskite sou estrateji pou fè pwogrè nan dwa fanm yo, konbat vyolans ki baze sou sèks, epi ranfòse jistis ak sekirite, tankou kijan pou asire ke fanm yo patisipe egalman nan eleksyon ann Ayiti ki pwograme pou ane sa a.

16 mas 2026

**2:30–4:00 p.m. (lè
estanda lès Etazini)**

**Lye: Sant Legliz Nasyonzini,
8yèm etaj, Vil New York**

DISKISYON AN AP FÈT AN ANGLÈ,
AVEK ENTEPRETASYON AN
KREYOL.

RSVP, ENPLIKE, EPI APRANN PLIS



SIPÒTE PA



Manm panèl la, Angie Bell, se yon lidè kominotè, yon anbasadris kiltirèl, yon antreprenè ak yon otè. Yo te nonmen li Majistra vil kote li fèt la, Kap-Ayisyen, nan mwa septanm 2025. Li se fondatris PouBèlAyiti, yon mouvman atistik ak anviwònmantral ki vize kenbe lari Kap-Ayisyen yo pwòp epi konbat debwazman. Li se tou otè plizyè liv ki pibliye, tankou *The Adventures of Yaya*, yon liv pou timoun ki mete aksan sou kilti, istwa ak lang Ayiti. Bell se Vis-Rèktris Université des Atlantes, yon inivèsite ki baze nan Kap-Ayisyen ki konsantre sou fòm pwochen jenerasyon lidè politik ann Ayiti, epi enstitisyon an mete aksan sou Lidèchip Politik, Sikoloji, Edikasyon ak Antreprenarya.

Entèvenan Tonni Ann Brodber te rantre nan Women's Peace & Humanitarian Fund (WPHF) kòm Chèf Sekretarya a nan mwa oktòb 2024. Li gen yon eksperyans solid nan pwomosyon egalite ant sèks, mobilizasyon resous, bati patenarya ak kolaborasyon ak sosyete sivil la nan kontèks frajil atravè lemond, tankou nan Fiji, Lafrik di Sid ak Ayiti. Anvan li te rantre nan WPHF, Brodber te sèvi kòm Reprezantan, epi anvan sa kòm Reprezantan Adjwen nan Biwo Milti-Peyi UN Women pou Karayib la; li te okipe tou gwo responsablite nan UN Women ak Pwogram Nasyonziini pou Devlopman (PNUD) nan Pasifik la, Lafrik di Sid ak Ayiti. Eksperyans pwofesyonèl li gen ladan travay akademik nan Inivèsite Yanshan nan Lachin, ansanm ak realizasyon ak ko-pwodiksyon yon fim sou Ayiti. Li gen diplòm nan University of the West Indies, London School of Economics, ak ESADE Business School.

Entèvenan Monique Clesca se yon vwa dirijan nan mouvman pou demokrasi, jistis sosyal ak feminis ann Ayiti. Li se manm Komisyon sosyete sivil la pou yon solisyon ayisyen pou kriz la, Biwo Siveyans Akò Montana a, epi li se ko-fondatris ak pòtpawòl Kolektif Afro-desandan Ayisyen (KAAD). Kòm yon konsiltan entènasyonal ki gen plis pase 25 ane eksperyans, li espesyalize nan domèn dwa moun, pwogram pou jèn ak fanm, devlopman entènasyonal, kominikasyon kriz ak dyalòg politik wo nivo. Li te deja sèvi kòm Reprezantan Fon Popilasyon Nasyonziini (UNFPA) nan Nijè, kote li te dirije yon mouvman nasyonal pou mete fen nan maryaj timoun epi li te lanse Illimin, yon inisyativ pou otonòmizasyon tifi adolesan ki te resevwa prim e ki kounye a ap replike nan tout Afrik de Lwès. An 2016, li te resevwa pi gwo onè Nijè a, Lòd Merit nan ran Kòmandè.

Entèvenan Lucia D. Pascale Solages se yon aktivis feminis ayisyèn dirijan ak yon òganizatè kominotè, pi byen konnen pou lidèchip li nan NÈGÈS MAWON, youn nan pi gwo òganizasyon feminis ann Ayiti. Pandan plis pase yon deseni, li ap defann jistis repwodiktif, batay kont vyolans ki baze sou sèks, dwa LGBTQ+, ak patisipasyon fanm nan politik. Anba direksyon li, NÈGÈS MAWON lanse plizyè inisyativ transfòmasyonèl, tankou pwogram MARRAINAGE (Sisterhood), ki sipòte plizyè milye sivivan vyolans, ansanm ak Maison Claire Heureuse, yon kay sekirite ki ofri sèvis konplè ak fòmasyon pou otonòmizasyon ekonomik. Òganizasyon an te fonde tou premye festival feminis ann Ayiti, li te kreye antoloji feminis ALASO, epi li te kolabore avèk Inivèsite Leta Ayiti pou etabli yon pwogram pyonye nan etid feminis, avèk objektif elaji aksè a analiz kritik sou kesyon sèks ak ras.

Moderatris MarieYolaine Toms se yon oratris transfòmasyonèl, otè, fasilitatris ak antrenè nan diyite finansye ki trè apresye. Li sèvi kòm PDG ak FireStarter pou Focused Fire ansanm ak Community2Community (C2C) Ayiti. Kòm yon fanm ki gen lafwa, li angaje l pou bay fanm yo pouvwa pou yo geri anba chòk finansye, mache avèk kouraj nan objektif yo, epi kreye enpak dirab. Atravè Community2Community (C2C) Ayiti, yon òganizasyon san bi likratif ki bay sèvis ak devlopman, k ap travay ak kominote vilnerab ak eksplwate nan Petit-Goâve, Ayiti, ki ap chèche vin endepandan, li ranfòse fanm yo atravè otonòmizasyon ekonomik. Li kwè ke avèk Bondye pa gen anyen ki enposib (Lik 1:37), epi li konsidere tèt li kòm yon restoratis diyite ki enspire moun ki gen kè jenere pou angaje yo nan menm misyon an.